



**Ede nou VIN VÈT!**  
Mande pou resevwa bilten Broward MPO  
pa imèl lè w kontakte  
Chris Ryan nan ryanc@browardMPO.org  
oswa rele (954) 876-0036.

VIZITE SIT NOU NAN WWW.BROWARDMPO.ORG

PRSR STD  
TENB LAPÒS  
PEYE  
FT. LAUDERDALE, FL  
PÈMI #3973

# T

## ransportation ransformation

Deplase Moun, Kreye travay, Ranfòse Kominote yo

### PWOJ'E KAGO : YON ENDISTRI AN PWOSPERITE

Mwa pase a, yo te mete deyò yon nouvo dokiman Plan Rejyonal Sidès Florid pou Voye Kago a ak yon kout je sou jan li pral devlope pi devan. Òganizasyon Planifikasyon Vil nan Broward, nan koòdinasyon avèk Miami-Dade ak Palm Beach MPO, FDOT, pò maritim yo nan twa zòn sa yo (Port Everglades, Port Miami, Port of Palm Beach), èpòt yo nan twa zòn sa yo (Fort Lauderdale-Hollywood International Airport, Miami International Airport, Palm Beach International Airport), CSX la ak tren FEC yo, epitou yon kantite moun ki nan sektè prive a, fini Plan an, sa ki kreye yon wout pou lavni nan endistri kago a nan Sidès Florid.



Kago kapab defini kòm transpò komèsyal machandiz, ke se nan kamyon, tren, bato, oswa avyon. Youn nan sa Plan an montre sèke endistri Kago akreye a peprè 278,000 djòb dirèk nan sidès Florid, ak yon salè mwayèn \$69,000 pou chak ane. An jeneral, endistri Kago a pote \$55 bilyon dola nan ekonomi Sidès Florid la. « Enpak finansyèl endistri kago a enpòtan pou lavi ekonomik Sidès Florid epi kago a dwe kontinye yon aspè enpòtan nan efò jeneral planifikasyon MPO a, » se sa Paul Flavien, Planifikatè Kago MPO Broward la te di.

Youn nan amelyorasyon sa yo ki pi enpòtan ki fèt nan enfrastruktir Kago Sidès Florid la sete kontstriksyon nouvo fasilite yo nan tou de Port Everglades ak Port Miami ki pèmèt yon transfè san pwoblèm konnen kago yo ki sòti nan bato pou ale nan tren pou livrezon. Youn lòt amelyorasyon ki enpòtan sete kreyasyon tinèl Port Miami a, ki pèmèt kamyon gen aksè dirèk soti nan Port Miami nan otowout ki tou pre.

Nouvo dokiman plan an te dekouvri tou bezwen pou plis pakin pou kamyon pou fasilite mouvman kago

yo nan rejyon an. Gen apeprè 300 pakin pou kamyon ki egziste nan Sidès Florid la; men, Plan Kago a estime yo gen bezwen pou plis pase 12,000 pou satisfè demann ki gen kounye a ak demann k ap vini.

Siksè nan endistri kago a enpòtan pou pwochen kwasans ak konpetisyon ekonomik rejyon Sidès Florid la. Atravè Plan Kago a, MPO Broward la ak patnè li yo ap sipòte kwasans nan endistri kago a avèk objektif pou fè Sidès Florid la yon kote ki globalman konpetitif nan lojistik.

### DAT REYINYON K AP GEN POU FÈT

	JIYÈ 2015	OUT 2015	SEPTANM 2015	OKTÒB 2015
<b>Komite Egzekitif MPO</b> <i>ap rankontre 1ye Jedi 9:30 am</i>	2	Pa Gen Reyinyon	3	1
<b>Òganizasyon Planifikasyon Vil nan Broward (MPO)</b> <i>Rankontre 2zyèm Jedi a 9:30 a.m.</i>	9	Pa Gen Reyinyon	10	8
<b>Komite pou koòdinasyon Teknik (TCC)</b> <i>Rankontre 4triyèm Mèkredi 2:30 p.m.</i>	Pa Gen Reyinyon	26	16 *	28
<b>Tab Wonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR)</b> <i>Rankontre 4triyèm Mèkredi a 6 p.m.</i>	Pa Gen Reyinyon	26	168	28
<b>Biwo pou Koòdinasyon Lokal (LCB)</b> <i>Rankontre 4triyèm Lendi a 2 p.m.</i>	Pa Gen Reyinyon	Pa Gen Reyinyon	28	26
<b>Komite Konsiltatif pou Tout Teknik Lari (TAC)</b> <i>Rankontre 2zyèm Lendi a 2 p.m.</i>	Pa Gen Reyinyon	10	Pa Gen Reyinyon	12

Tout reyinyon yo ap fèt nan chanm Komite Konsèy Broward MPO a, chanm 850, nan Ofis Sant Komès Sid.

Yo mande patisipasyon piblik la san rapò ak ras, koulè, orijin nasyonal, laj, sèks, relijyon, andikape oswa estati fanmi. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal anba Lwa Pou Ameriken ki Andikape (ADA) oswa pou demann espesyal anba Lwa ADA a, tanpri kontakte : Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org. Si ou gen pwoblèm pou tande, rele 1 (800) 273-7545 (TDD).

Pou plis enfòmasyon sou reyinyon k ap gen pou fèt yo, pote plent, kesyon oswa enkyetid sou dwa sivil oswa diskriminasyon; oswa pou demann espesyal anba Lwa ADA a, tanpri kontakte : Christopher Ryan, Ofisye Enfòmasyon Piblik/ Koòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org.

\*Dat yo chanje akòz jou ki pa gen travay oswa konfli

Òganizasyon Planifikasyon Vil nan Broward • Sant Komès Sid  
100 West Cypress Creek Road, Suite 850 • Fort Lauderdale, FL 33309-2112  
(954) 876-0033 • www.browardMPO.org

### ÈSKE OU TE KONNEN ?

- 55% anplwaye yo ap chwazi yon travay ki baze sou distans kote travay la ye
- 14% anplwaye yo ap pase omwen 45 minit pou yo rive nan travay
- 9% anplwaye yo pral kite travay yo akòz distans travay la ye
- Sèvis Pou Moun ki Vwayaj Lwen pou Travay nan Sid Florid ofri pwogram transpòtasyon ak sèvis pou atire ak kenbe anplwaye ak talan.



Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite :  
[www.1800234RIDE.com](http://www.1800234RIDE.com)

Volim 15. Piblikasyon No. 42. 2zyèm trimès 2015.

Pou plis enfòmasyon, oswa pou gade tout Plan Kago a, tanpri vizite :  
[www.browardmpo.org](http://www.browardmpo.org) oswa kontakte Paul Flavien nan [flavienp@browardmpo.org](mailto:flavienp@browardmpo.org) oswa pa telefòn nan (954) 876-0045

KISA KILADANN

- MESAJ PREZIDAN
- KI JAN OU SE YON ENTELIJAN POU LARI A ?
- DEFI EDIKASYON AK KONSYANTIZASYON
- MAJISTRA A



Komisyonè Richard Blattner  
Prezidan, Broward MPO  
Vil Hollywood, Distrik 4

## MESAJ PREZIDAN AN

Nan edisyon 2014 yo «*Dangerous by Design (Danje akòz Jan Yo Trase)*, » Kowalisyon Nasyonal Wout Konplè klase kat vil Florid (ki gen ladann Miami/Fort Lauderdale/Pompano Beach) pami sa yo ki pi danjere nan nasyon on pou pyeton ak siklis. Avèk Inisyativ Wout Konplè, nou mete \$100 milyon dola pou pwochen senk ane yo pou bati yon espas pou mete bisiklèt sou yon longè 90 mil ak espas pou trotwa sou yon longè 35 mil pou gen wout ki pi an sekirite pou siklis ak pyeton. Pou ogmante finansman lokal la ki deja egziste ak akselere konstriksyon lokal sa yo, MPO



a ap aplike pou yon Sibvansyon Envestisman nan Transpòtasyon ki Jenere Rekiperasyon Ekonomik (TIGER) nan Depatman Transpòtasyon Etazini (USDOT).

Pwogram TIGER a bay lajan pou pwojè transpò yo ki bay « Amelyorasyon siyifikatif epi mezirab sou kondisyon ki egziste deja » Minisipalite yo ki gen omwen yon pwojè nan aplikasyon pou sibvansyon MPO a se : Konte Broward, Coconut Creek, Davie, Fort Lauderdale, Hollywood, Lauderdale Lakes, Miramar, Oakland park, Plantation, Pompano Beach, Sunrise, West Park and Weston.

Biwo MPO Broward ak anplwaye yo pran angajman pou kreye yon rezo transpò ki an sekirite epi efikas pou tout rezidan ak vizitè yo, ke y ap mache, ke yo sou bisiklèt, ke yo nan transpò piblik, oswa y ap kondwi, ki gen ladann moun ki kouvri anba Lwa pou Ameriken ki Andikape ki se an Angle (ADA). Nou kwè pwojè sa a ap bay kòm rezilta lari ki gen plis sekirite epi l ap bay pi bon koneksyon ant lokal komèsyal, rezidansyèl, edikasyonèl, ak lokal pou rekreyasyon ki nan rejyon an.

## KI JAN OU SE YON ENTELIJAN POU LARI A?

20 Me, Vil Fort Lauderdale te òganize Somè 2015 sou Entelijans Lari nan Kesyon Transpòtasyon nan Broward Center for Performing Arts (Sant Broward pou Fè Espèktak). Anplwaye MPO Broward la, ansanm ak lòt pwofesyonèl ki nan transpòtasyon, te vini nan evènman an kote tout kat te vann, kote yo te pale sou sijè tankou sekirite pyeton ak siklis, fasilite pou ADA yo avèk devlopman ekonomik.



## SEKRETÈ USDOT A FOXX MANDE POU PRAN AKSYON : DEFI MAJISTRA A POU SEKIRITE POU MOUN, SEKIRITE LARI YO

MPO Broward la ofisyèlman siyen pou patisipe nan USDOT Sekretè Anthony Foxx «Defi Majistra a Pou Sekirite Moun, Sekirite Lari. » MPO a kontre ak lòt vil ak minisipalite yo nan Florid ak toupatou nan nasyon an pou angaje yo pou amelyore sekirite pou tout mòd transpò. Patipasyon MPO nan Defi Majistra a, ansanm ak pwogram senk ane \$100 milyon dola pou « Wout Konplè » a, demontre angajman yo pou amelyorasyon sekirite pou chofè, siklis ak pyeton yo.



## EDIKASYON AK KONSYANTIZASYON

### « KONSÈY » - Konekte ak Transpòtasyon an Favè OU

Fè tande opinyon ou epi patisipe nan reyinyon piblik MPO Broward yo k ap gen pou fèt sou konsantman Pwogram Amelyorasyon Transpò (TIP) a. Reyinyon sa yo se chans ou pou ka fè MPO a konnen ki pwojè transpòtasyon ak pwogram ki ta sipoze nan premye priorite nan senk ane k ap vini yo. Anplis de sa, ou ka wè yon kopi entèaktif TIP a sou sit la lè ou vizite [broward.dtstiptool.com](http://broward.dtstiptool.com).

- Mèkredi, 24 Jwen, 2015 a 2 :30 p.m. – Komite Koòdinasyon Teknik
- Mèkredi, 24 Jwen, 2015 a 6 :00 p.m. – Tab Wonn pou Patipasyon Kominote a
- Jedi, 9 Jiyè, 2015 a 9 :30 a.m. – Reyinyon Komite MPO Broward (Dènye Aksyon)

Tout twa reyinyon yo ap fèt nan Chanm Komite MPO Broward la ki nan Sant Komès Sid, 100 West Cypress Creek Road, Swit 850, Fort Lauderdale, FL 33309. Sa yo se lajan taks ou; fè nou konnen koman ou vle utilize yo !

## Wilton Manors Seleb Mwa Nasyonal Bisiklèt !



Nan 2yèm jou mwa Me a de 9 a.m. a 1 p.m., Komite Konsiltatif Afè Kominote Wilton Manors la te òganize **Jou Sekirite Bisiklèt** nan Hagan Park. Patipasyon yo te jwi yon pakèt aktivite moun fè ak bisiklèt tankou yon kou sou difikilte nan sekirite bisiklèt, depatman lapolis fè demonstrasyon bisiklèt, enspeksyon ak prezantasyon sou sekirite bisiklèt, ak kado gratis tou! Mèsi, Wilton Manors, pou angajman ou nan ede fè wout Konte Broward pi an sekirite pou **tout** itilizatè.

## NASCAR vini nan Lekòl Elemantè Silver Palms: Seleb Jou pou Monte Bisiklèt pou ale Lekòl

Nan sipò pou Inisyativ Wout an Sekirite pou ale Lekòl Depatman Transpò Florid (FDOT) la, lekòl Elemantè Silver Palms nan Pembroke Pines te òganize yon « Selebasyon Jou pou Monte Bisiklèt pou ale Lekòl » Mèkredi 6 Me, ak envite espesyal, chofè NASCAR, Scott Lagasse, Jr. Elèv, pwofesè, administratè lekòl la, ak Manm Komisyon Konsèy Lekòl Konte Broward, Patricia Good, te kòmanse jounen an kote an gran panpan yo monte bisiklèt yo pou vin lekòl pou ankouraje monte bisiklèt kòm yon mòd transpò ki an sekirite epi bon pou sante. Apre yo rive, elèv yo te jwenn akèy nan men oratè envite sa yo tankou : Mesye Lagasse (ansanm ak machin kous li !) ak Chris Ryan, Ofisyè Enfòmasyon Piblik MPO Broward la/Koòdonatè Tit VI. Chantè Silver Palms yo te jwe pou envite yo, epi yo te fini matine ak « Sachè Kado » pou tout elèv yo, ak yon chans pou yo te al gade machin kous Mesye Lagasse la.



Sonje pou patisipe nan konvèsasyon sou transpò nan Broward pandan w swiv Speak Up Broward (Pale Broward) anba a.

Swiv Nou



## RETE KONEKTE PATISPE.

Swiv nou pou jwenn dènye enfòmasyon sou transpòtasyon nan Broward

- SIT : [www.SpeakUpBroward.org](http://www.SpeakUpBroward.org)  
 FACEBOOK : [www.facebook.com/SpeakUpBroward](http://www.facebook.com/SpeakUpBroward)  
 TWITTER : [www.twitter.com/SpeakUp\\_Broward](http://www.twitter.com/SpeakUp_Broward)  
 LINKEDIN : [www.linkedin.com/company/speak-up-broward](http://www.linkedin.com/company/speak-up-broward)  
 YOUTUBE : [www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0](http://www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0)  
 INSTAGRAM : [www.instagram.com/speakupbroward](http://www.instagram.com/speakupbroward)

